



James Popkin
Supervisor of Transportation

2 Hitchcock Lane, Old Westbury, NY 11568
T: (516) 876-5011
E: transportation@westburyschools.org

Out 2025

Chè Paran ak Gadyen Legal:

Distri Lekòl Westbury a, an kolaborasyon avèk patnè transpò nou an, First Student, kontan anonse platfòm FirstView 1.0, yon siveyans GPS Bis Lekòl la ki amelyore.

Avèk FirstView 1.0, paran ak moun k ap pran swen timoun/gadri ka telechaje aplikasyon mobil ki an sekirite e fasil pou itilize, ki pèmèt ou swiv bis la epi ki pral pèmèt ou rete konekte fasilman ak wout chak jou pitit ou a.

- Gade kote bis la ye an tan reyèl atravè GPS epi swiv pwogrè li.
- Aksè fasil pou jwenn detay sou bis la ansanm ak dènye nouvel konsènan nenpòt chanjman.
- Resevwa plizyè notifikasyon estime lè rive ki baze sou distans lè bis la ap pwoche.
- Enstale manm fanmi yo ak gadri pou yo resevwa alèt wout pa imèl.
- Ekip sipò kliyan dedye pou tout kesyon ki gen rapò ak aplikasyon an.

Ann kòmanse avèk FirstView 1.0!

Etap 1: Telechaje* aplikasyon mobil gratis la ki fasil pou itilize e disponib sou aparèy iOS ak Android. Chèche non aplikasyon an: FirstView 1.0 epi enskri pou yon nouvo kont.

**Se pa tout aparèy ki konpatib epi yo dwe satisfè kondisyon minimòm sistèm operasyon an. Itilizatè ki soti nan vèsyon FirstView anvan yo p ap chanje epi tout itilizatè dwe kreye yon nouvo kont.*

Etap 2: Kreye pwofil aplikasyon mobil **FirstView 1.0** ou a. Y ap mande w pou w bay:

- Kòd Distri 5 karaktè a: [X3C1W]
- Prenon ak non fanmi pitit ou a
- Lekòl pitit ou a
- Wout ki asiyen pitit ou a

Etap 3: Ajoute notifikasyon distans pou resevwa avètisman nan aplikasyon an oubyen atravè notifikasyon push lè bis la toupre kote pitit ou a ye a. Pou konfigire sa nan aplikasyon an, klike sou Settings>

Notifications > Manage Distance Notifications. Ou kapab tou modifiye oswa ajoute lòt notifikasyon distans lè w klike sou klòch notifikasyon an epi chwazi Notifications Settings.

Si ou vle: Ajoute tèt ou ak/oswa lòt manm fanmi ak gadri kòm moun k ap resevwa notifikasyon pou resevwa alèt pa imèl. Pou konfigire sa nan aplikasyon an, klike sou klòch notifikasyon an epi chwazi Manage Recipients.

Etap 4: Lè ou fin ajoute wout pitit ou a, konfigire notifikasyon distans yo, epi enskri pou alèt imel, kòmanse swiv wout chak jou pitit ou a sou kat la! Kontakte Sipò pou jwenn asistans ak kesyon oswa

enkyetid ki gen rapò ak aplikasyon an:

lendi – vandredi apati de 7:00 am – 5:00 pm EST(Lè Estanda Lès)

Nan aplikasyon an: Klike sou Contact Support / Imèl: support@myfirstview.com

Telefòn: (888) 889-8920 Apèl Gratis/ (513) 419-2921 Lokal

